

# Konstui Future Grid epi Pèmèt yon Avni enèjetik ki pi Entèlijan, ki pi Solid, ki pi Pwòp epi ki pi Ekitab

Chak jou nan National Grid, plis pase 6,500 manm ekip nou yo travay ansanm pou yo konstui yon avni enèjetik ki pi entelijan, ki pi solid, ki pi pwòp epi ki pi ekitab pou kliyan nou yo ak kominote nou yo nan plis pase 240 vil atravè 5,900 mil kare. Nou konnen sa n ap fè a enpòtan anpil, epi jan nou fè l la pi enpòtan toujou. Se pou tèt sa nou te prezante yon plan dènyèman pou modènize sistèm elektrik nou an yon fason pou sipòte objektif Commonwealth la konsènan klima, enèji pwòp ak ekite.


## Plan Future Grid la pèmèt nou jwenn rezilta ki pozitif pou kliyan yo, pou kominote yo ak pou Commonwealth la

Investisman ki pwopoze nan plan Future Grid la ede nou atenn kat objektif kle:


- 1 Diminye nan itilizasyon enèji a gras ak efikasite epi ak repons ak demann yo, sa ki ap ede diminye depans yo epi rann li toujou aksesib finansyèman pou kliyan yo.
- 2 Elektrifikasyon ki entèlijan pou transpò, chofaj ak lòt pwosesis yo.
- 3 Entegre epi amelyore enèji renouvlab yo ak estokaj yo nan tout nivo yo.
- 4 Pèmèt yon tranzisyon ki jis epi fè kliyan yo responsab.

Pou atenn objektif sa yo, fòk nou modènize rezo elektrik la — sa vle di pwodiksyon, transpò, distribisyon ki bay kouran kote ou gen bezwen l lan, lè w gen bezwen l lan. N ap transfòme sistèm yon sèl sans nou te genyen an, ki te fèt pou pote kouran k ap sòti nan gwo santral elektrik yo sou yon long distans pou rive nan kay yo ak nan antrepriz yo. Kounya, nou pral genyen yon otowout ki nan de sans, ki pi pwòp, pi entèlijan, ki gen plizyè antre ak sòti.

### Rezo nou te genyen an



### Rezo nou pral genyen an



## Konsènan National Grid Massachusetts



**18,500 mil** liy distribisyon elektrik



**2 GW** resous enèji ki distribye ki konekte ak rezo nou an



**~1,800 chajè EV** ki aktive nan dat sa, avèk ~32,000 lòt pou aktive nan kad pwogram Faz 3 EV yo



**Plis pase 18,000 ponp a chalè** ki enstale nan kad pwogram Mass Save la an 2022 ak plis pase 45,000 lòt ki prevwa enstale an 2024

Ou pa bezwen tann Future Grid pou w gen aksè ak pwodui inovan ak ekonomik yo ak evalyasyon gratis sou efikasite enèji ki nan kay yo ak pwogram sou aksè finansye ki te fèt pou reponn ak bezwen w yo depi kounya. Pou w konnen plis, vizite [ngrid.com/heretohelp](http://ngrid.com/heretohelp) oubyen rele 1-800-322-3223 pou sèvis kliyantèl elektrik la oubyen 1-800-233-5325 pou sèvis kliyantèl gaz la.

**nationalgrid**

# An 2035, plan Future Grid nou an ap bay avantaj tankou...



**1.1 milyon**  
machin elektrik



**750,000**  
ponp a chalè elektrik



**\$1.4 milya**  
pou aktivite ekonomik



**11,000**  
travay ki pou tout jounen ak pou demi jounen

## Kòman Kouran an Vin Jwenn ou Yon Fason ki San Danje, ki Fyab epi Kisa ki Chanje

Pou nou bay kliyan nou yo sèvis, nou bay an maksimòm prèske 4.7 jigawat lè kouran gras ak yon rezo elektrik ki gen plis pase 2,500 mil liy transmisyon elektrik ki ap pote kouran sou yon long distans nan nivo tansyon ki wo jiska prèske 150 estasyon segondè transmisyon ki ap bese tansyon kouran an yon nivo ki pi ba. Aprè sa, kouran sa ale sou 18,500 mil liy distribisyon ki pi piti, yon santèn milye poto ap sipòte ak anviwon 178 estasyon segondè distribisyon ki plase estratejikman. Aprè sa, kouran an desann nan plizyè milye transfòmè ki pi piti yon fason pou yo bay kay yo ak antrepriz yo kouran.

Gwo rezo elektrik sa pral evolye epi l ap prèske double nan gwozè l ak nan kapasite l pandan 20 ane k ap vini yo akoz elektrifikasyon transpò ak chofaj la, ogmantasyon bezwen klimatizasyon yo ak koneksyon pi plis moun nan resous enèji ki distribiye yo. Sa gen ladan l ogmantasyon entèlijans sistèm nan, kontriksyon nouvo estasyon segondè yo epi fè lòt yo pi gwo ak ogmante kantite kouran fil kouran nou yo ka pote.

Si pa gen investisman ki pwopoze nan plan Future Grid la, kwasans demann kouran y ap atann nan ak nouvo sous apwovizyonman pral bay yon sichaj ekipman ki te la deja, sa ki pral gen yon enpak sou sekirite ak fyabilite rezo a.

## Future Grid Pwopoze Investisman yo Bezwen pou Transfòme Rezo Elektrik la epi Atenn Objektif Commonwealth la konsènan Klima ak Enèji ki Pwòp

De faktè kle k ap pèmèt nou atenn byen vit objektif nou yo konsènan klima a ak enèji ki pwòp: 1) kapasite pou w konekte ak enèji ki pwòp epi ki renouvlab nan rezo a ak 2) rit kliyan yo itilize teknoloji ki pwòp, ki efikas epi ki elektrik yo. Pou rezo a prè epi pou l ka alafwa, eksplwate epi amelyore itilizasyon resous sa yo nan avantaj tout kliyan yo, yo bezwen investisman yo nan twa domèn kle:

- **Enfrazriktri Rezo a**, yon fason pou fè sistèm distribisyon an vin pi solid, pi rezistan ak pi prè pou l resevwa ogmantasyon kouran an k ap sikile ak nouvo koneksyon yo.
- **Teknoloji ak Platfòm yo**, pou fè sistèm distribisyon an pi entèlijan ak pi fleksib, pi dinamik, pi sekirize ak pi efikas epi bay yon pi bon vizibilite ak yon pi bon kontwòl sou operasyon sistèm nan.
- **Pwogram pou kliyan yo**, yon fason pou bay solisyon enèjetik ki pi pwòp epi fè kliyan yo metrize chwa yo ak itilizasyon enèji yo a.

Plan Future Grid ki nan National Grid la pwopoze yon plan investisman \$2 milya nan domèn kle sa yo pou pèmèt yon avni enèjetik ki plis elektrikye, pi pwòp ak ki pi ekitab.



## Angajman Nou yo

Pandan n ap konstui epi prepare rezo a ak pi gwo sistèm enèjetik pou avni a, n ap rete konsantre sou sa ki devan nou yo. Kliyan nou ap atann epi yo merite yon sèvis kalite ak yon enèji ki san danje, ki fyab epi ki aksesib jounen jodi a — sa n ap kontinye bay — epi vle yon bon patenarya pou pwogrè, sa Future Grid pèmèt.